

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1. Kacindekan

Dumasar kana déskripsi bab IV, dina ieu panalungtikan kapanggih hal-hal saperti ieu di handap.

- a. Minat maca siswa kelas VII-1 SMPN 1 Suradé taun ajaran 2007/2008 ngagunakeun skala tes minat, kagolong geus nyugemakeun sabab rata-rata geus 64,64% positif kana minat maca. éta rata-rata téh diwincik deui saperti ieu dihandap.
  1. Minat kana macana 92,73 % positif jeung 7,25 % negatif;
  2. Minat kana bahan bacaan 69,41% positif jeung 30,53 % negatif; jeung
  3. Minat kana kagiatan maca 71,78 % positif jeung 28,2 % negatif.
  
- b. Kamampuh maca pamahaman carpon élodan siswa kelas VII-1 SMPN 1 Suradé taun ajaran 2007/2008 nya éta 69,54 %. Tina 44 siswa aya 25 urang anu kamampuh macana geus hadé, diantarana; 2 urang (4,54%) kamampuhna sampurna, 6 urang (13,63%) kamampuhna hadé pisan, 10 urang (22,72 %) kamampuhna hadé, jeung 7 urang (15,90%) kamampuhna

sedeng. Sedengkeun 19 urang deui (43,18 %) kurang nyugemakeun, diantarana 12 urang (27,27%) kamampuhna kurang, jeung 7 urang (15,90%) kamampuhna kurang pisan. Sanajan kitu, kamampuh maca carpon kelas VII-1 SMP Negeri 1 Suradé geus kagolong nyugemakeun.

- c. Korélasi antara minat jeung kamampuh maca pamahaman siswa kelas VII-1 SMPN 1 Suradé taun ajaran 2007/2008, dina tarap signifikansi 5% jeung  $df = 6$ . Ku kituna, harga kritik pikeun  $\chi^2$  nya éta 14, 18. Sedengkeun hasil itungan  $\chi^2$  nya éta 18, 5. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén *aya korélasi antara minat jeung kamampuh maca pamahaman siswa kelas VII SMP Negeri 1 Suradé taun ajaran 2007/2008*. Sedengkeun nurutkeun uji hipotesis, katitén yén  $\chi^2_{itung} 18, 5 \geq \chi^2_{tabel} 14, 18$ . Ku kituna, bisa dicindekkeun yén  $H_0$  ditolak jeung  $H_1$  "*aya korélasi antara minat jeung kamampuh maca pamahaman siswa kelas VII SMP Negeri 1 Suradé ditarima*".
- d. Dumasar kana hal-hal anu kapanggih di luhur, bisa dicindekkeun yén siswa kelas VII-1 miboga minat nu hadé kana maca carpon, jeung miboga kamampuh maca nu hadé kana carpon "Élodon". Sarta ayana korélasi anu signifikan tur positif antara minat jeung kamampuh maca pamahaman carpon siswa kelas VII-1 SMP Negeri 1 Suradé.

## 5.2. Saran

Sabada niténan hasil panalungtikan, aya sababaraha saran nu kudu ditepikeun, nya éta saperti ieu di handap.

1. Pikeun ngaronjatkeun minat maca carpon, siswa kelas VII-1 SMP Negeri 1 Suradé kudu leuwih soso-soso sarta kudu aya karep pikeun macaan buku-buku carpon.
2. Pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman carpon, siswa kelas VII-1 SMP Negeri 1 Suradé taun ajaran 2007/2008 kudu leuwih giat deui maca buku-buku carpon.
3. Pikeun guru kudu bisa mere motivasi ka siswa sangkan daek maca buku, salian ti kitu guru ogé kudu bisa ngaprésiasi eusi carpon ka siswa.
4. Pikeun sakola bisa nambahan deui koleksi buku-buku bacaan sangkan siswa-siswana miboga minat jeung kamampuh maca nu hadé.
5. Perlu ayana panalungtikan anu leuwih jembar tur teleb ngeunaan faktor-faktor anu mangaruhan kana kamampuh maca.

